



# Help Me Grow Maine



## Yon solisyon pou ede Jenn Timoun yo Avanse



Help Me Grow se yon pwen aksè santral ki fèt pou konekte fanmi yo ak enfòmasyon ak sèvis sou devlopman timoun ak resous kominotè yo.

An patenarya avèk 211 Maine moun k ap bay swen ak founisè yo ka kontakte Help Me Grow pou plis sipò. Help Me Grow pral tande, relye fanmi yo ak sèvis yo, epi bay swivi pou alafwa moun kap bay swen yo ak sous referans yo.

### Kijan li Fonksyone:

#### Elijibilite

Nou disponib gratis pou tout timoun Maine, depi nesans jiska laj witan, ak fanmi/moun ki bay swen yo. Paran yo ka rele tou pou asistans pandan gwosès la.

#### Pwen Aksè Santralize

Nou ede moun k ap bay swen yo ak founisè sante timoun yo nan konekte timoun yo nan rezo kominote a ki egziste deja ak resous Eta a ki ka ede yo pwospere, atravè yon "transfè akeyan" soti nan fanmi ak resous yo.

#### Resous yo

ki konekte, ki kapab byen sèvi fanmi yo nan Maine ki gen yon varyete bezwen.

#### Depistaj devlopman

Nou ankouraje travay ak fanmi yo pou rekonèt etap devlopman yo epi itilize Ages & Stages Questionnaires® (ASQ) pou evalye devlopman. Si yo idantifye enkyetid nan pwosesis depistaj la, nou travay ak fanmi yo pou konekte avèk pwofesyonèl entèvansyon bonè pou plis evalyasyon.

### Konsidere Refere yon Fanmi Lè:

- Ou pa sèten pou ki sèvis yon fanmi ka elijib, men ou konnen yo bezwen sipò.
- Yon fanmi bezwen sipò anplis pou navige nan pwochen etap pou jwenn aksè nan resous yo (CDS, WIC, elatriye).
- Yo dwe ranpli yon tès depistaj, oswa fanmi an bezwen sipò pou ranpli yon ASQ® sou entènèt.



Eskane kòd QR adwat la  
pou aprann plis

